

ENFÒMASYON DEZAS POU PWOPRIYETÈ KAY

Kesyon ki Mande Souvan

Lakay mwen te domaje e mwen pa kapab viv nan li- eske mwen bezwen peye ipotek mwen a?

Ou dwe peye ipotek menm si lakay ou domaje e ou pa ka viv andan. Poutan, cheke avek moun k'ap lwaye li a ou paske detazantan konpayi ofri yon peryod gras de plizyè mwa pou anrete peman (a menm tan intere kapab ajoute).

Kisa si mwen pa kapab peye ipotek mwen a?

Si ou gen revni e ou vle kenbe lakay ou, gen chans ke ou kapab file yon fayit Chapit 13. Nan kalite fayit sa a, pwopriyetè kay la pwopoze yon plan pou jan ke l'ap repeye peman ipotek nòmral yo e tout lot depans lavi, e osi peye yon kantite chak mwa nan direksyon ipotek la. Si ou panse ou vle file yon fayit Chapit 13, ou dwe jwenn konseye yon avoka.

Kisa si mwen viv nan yon kondominyom?

Si ou viv nan yon kondominyon ou peye antretyen a nenpot kalite asosyasyon pwopriyetè, ou toujou bezwen peye fre antretyen yo menm si asosyasyon pwopriyetè a p'ap ranje zon komen yo oswa ou pa renmen jan ke yo ap fe reparasyon yo. Ou dwe asiste reyinyon asosyasyon pwopriyetè yo pou bay vwa ou sou enkyetid ou yo, pale avek lot pwopriyetè e manm konseyè yo konsenan plenyen ou yo. Yon gwoup moun kapab chèche konseye legal. Poutan, si ou sispan peye antretyen, gen chans ke ou ap pedi lakay ou a sezisman.

Mwen gen asirans pwopriyetè, men yo te di mwen ke l'ap pran anpil mwa pou voye yon ajistè vin gade lakay mwen e menm plis tan anvan yo voye yon chek – eske mwen elijib pou nenpot kalite èd paske lakay mwen bezwen anpil reparasyon chè e mwen pa kwe ke mwen kapab viv la jistan li ranje?

Si ou gen asirans pwopriyetè, gen anpil chans ke ou ap elijib pou depans lavi pandan ou pa kapab viv nan lakay ou. OU dwe kontakte konpayi asirans ou. Si ou pa't gen asirans pwopriyetè ou kapab elijib pou èd anba Pwogram Sibvansyon pou peye pou reparasyon nesèsè pou pati esansyel pou lakay ou. Ou kapab aplike pou IFG pa telefon a 800-621-3362 (pwoblem tande ou pale 1-800-427-5593), ou sou intènèt la a disasterassistance.gov.